

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Rarancang (desain) panalungtikan mangrupa sakabéh prosés pamikiran jeung nangtukeun ngeunaan hal-hal anu bakal dilakonan, nu jadi dadasar pikeun panalungtik dina kagiatan panalungtikanana. Sakumaha anu diébréhkeun ku Margono (1996:100) yén *“Rancangan penelitian bertujuan untuk memberi pertanggungjawaban terhadap semua langkah yang akan diambil. Agar rancangan dapat memperkirakan hal-hal apa yang akan dilakukan dan dipegang selama penelitian...”*


Métode panalungtikan mangrupa cara anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan panalungtikan kalawan ngagunakeun téhnik nu tangtu sarta alat-alat nu tangtu. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Margono (1996:39) nétélakeun yén panalungtikan déskriptif analitik téh nya éta hiji wangun panalungtikan pikeun meunangkeun data anu mangrupa kekecapan, gambar atawa paripolah, teu diébréhkeun dina wangun bilangan atawa statistik tapi panalungtik nganalisis data ku cara ngagambarkeun objek anu ditalungtik sacara uraian narasi.

Penelitian deskriptif analitik, data yang diperoleh (berupa kata-kata, gambar, perilaku) tidak dituangkan dalam bentuk bilangan atau angka statistik, melainkan tetap dalam bentuk kualitatif yang memiliki arti lebih kaya dari sekedar angka atau frekuensi. Peneliti segera melakukan analisis data dengan memberi pemaparan gambaran mengenai situasi yang diteliti

dalam bentuk uraian naratif.

Ieu panalungtikan téh udaganana pikeun ngaguar kandaga kecap dina kasenian Bénjang di Désa Ciporéat Kacamatan Ciléngkrang Kabupatén Bandung, nu dianalisis nya éta kecap-kecap anu dipaké dina ieu kasenian pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

Bagan 2.7:
Desain Panalungtikan



3.2 Nangtukeun Sumber Data

Nu dimaksud sumber data nya éta subjék dimana data bisa kumpul. Arikunto (2002:114) nétélakeun tilu klasifikasi sumber data ku hurup awal *P* tina basa Inggris, nya éta:

- *P = Person*, nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.
- *P = Place*, nya éta sumber data anu katempona mangrupa kaayaan cicing jeung teu cicing.
Cicing, misalna rohangan, alat, wujud barang, warna, jsté.
Teu cicing, misalna aktivitas, gawé, wirahma lagu, gerak ibing, kagiatan ngajar, jsté.
- *P = Paper*, nya éta sumber data tina tanda-tanda nu mangrupa hurup, angka, gambar, sarta simbol-simbol lianna.

3.2.1 Sumber Data Informan

Dina nangtukeun sumber data informan (*Person*), nya éta ngagunakeun sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara. Sumber data informan ieu diantarana ti pupuhu kasenian Bénjang MEKAR BUDAYA di Kampung Cikalaming RT.02/RW.03 Désa Ciporéat Kacamatan Ciléngkrang Kabupatén Bandung jeung para pamaén kasenian Bénjang anu nyaho kana hal-hal anu bakal ditalungtik. (*Il.Lampiran*)

Ari nu jadi data *paper* dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh istilah

ngeunaan kasenian Bénjang, poto/gambar sarta video rekaman ngeunaan kasenian Bénjang, ogé tina SKKD basa Sunda SMP kelas VIII ngeunaan bahasan kasenian daérah.

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Dina nangtukeun sumber data lokasi (*place*), panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan ieu nya éta grup kasenian Bénjang MEKAR BUDAYA nu aya di Kampung Cikalamiring Rt.02/03 Désa Ciporéat Kacamatan Ciléngkrang Kabupatén Bandung.

Sacara Géografis, Désa Ciporéat aya dina 600-700 Mdpl anu suhu udarana rata-rata 25° nepi ka 37° C. Luas daérahna kurang leuwih 300 Ha. Di beulah kalér diwatesanan ku *kehutanan*, wates ti beulah kidul kelurahan Pasanggrahan, wates ti beulah kulon Désa Cijanjal, ari beulah wétanna diwatesan ku Désa Ciléngkrang.

Jumlah penduduk di Désa Ciporéat aya 4628 jiwa, anu kabagi ku 2329 jiwa penduduk lalaki jeung 2299 jiwa penduduk awéwé, anu sumebar di sababaraha kampung.

3.2.3 Waktu panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun kurang leuwih dua bulan, awal bulan mei nepi ka ahir bulan juni 2011.

3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) talaah pustaka, nya éta téknik ngumpulkeun data tina bahan-bahan tulisan pikeun néangan tur nangtukeun dasar-dasar teoritis anu aya patalina jeung ieu skripsi,
- 2) téknik observasi, nya éta téknik ngumpulkeun data anu dipaké pikeun ngahimpun data panalungtikan ku cara ngimeutan sarta panalungtik didieu bener-bener kalibet dina kagiatan responden. Alesan panalungtik ngayakeun observasi nyaéta pikeun méré gambaran realistik objék anu baris ditalungtik,
- 3) téknik wawancara, nya éta prosés narima informasi atawa katerangan ku cara tanya jawab sacara lisan antara panalungtik (*interviewer*) kalayan informan (*interviewee*), sarta ngagunakeun padoman wawancara. Padoman wawancara anu eusina poko-poko patalékan ngeunaan kasenian béjjang, data langsung ti narasumber, tujuanana pikeun méré nyaho hal-hal anu patali langsung jeung kasenian béjjang. Ieu dilaksanakeun saméméh ningali kasenian béjjang sacara langsung di lapangan,
- 4) studi dokuméntasi, nya éta tehnik panalungtikan pikeun ngumpulkeun data data dina wangun dokuméntasi, saperti catetan poéan, buku-buku, artikel, laporan, dokumen pamaréntah atwa swasta, website atawa foto/rekaman. Tujuanana nya éta pikeun ngadokumentasikeun hasil panalungtikan.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumen nya éta alat bantu nu digunakeun dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dina ngolah data. Instrumén anu baris digunakeun diantarana pedoman wawancara, nya éta teknik anu dipaké pikeun nyangking informasi lisan sacara langsung ti narasumber, anu eusina poko-poko patalékan ngeunaan kasenian Bénjang, data narasumber, katut hal-hal anu patali langsung jeung kasenian Bénjang, ogé alat dokumentasi saperti; handycam, kamera digital, tape recorder, jsb. éta sabagé alat bantu nalika nalungtik kasenian Bénjang ieu di lapangan.

Format wawancara:

BIODATA INFORMAN

Ngaran Informan :
Wasta :
Alamat :
Pakasaban :
Kalungguhan dina kasenian Bénjang :



Daftar patalekan:

1. Ti iraha ayana kasenian Bénjang téh jeung kumaha kamekaranana?
2. Kumaha prak-prakan kasenian Bénjang arak-arakan, topéng Bénjang jeung Bénjang gelut téh?
3. Iraha dipintonkeun kasenian Bénjang téh?
4. Waditra jeung pakakas naon waé anu dipaké dina kasenian Bénjang?
5. Ibingan naon waé anu dipaké dina kasenian Bénjang?
6. Naon wae papakéan anu digunakeun ku para pamaén Bénjang?
7. Téhnik/gerak naon waé anu aya dina Bénjang gelut téh?

3.5 Téknik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus dikumpulkeun. Aya sawatara léngkah anu kudu dilaksanakeun nya éta: tatahar, ngumpulkeun data, mariksa, jeung nganalisis hasil data, nganalisis sarta ngadéskripsikeun kecap naon anu kapanggih dina éta kasenian Bénjang anu aya di wewengkon ujungberung téh, nyieun kacindekan jeung nyusun laporan.

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho préntase jumlah masing-masing kecap dina kasenian bénjang.

Rumus anu dipaké nya éta:

$$KKKB_x = \frac{\sum KK_x}{\sum KKB} \times 100\%$$

Keterangan:


KKKB_x = Perséntase Kandaga Kecap dina Kasenian Bénjang

$\sum KK_x$ = Jumlah kandaga kecap dina widang x

$\sum KKB$ = Jumlah kandaga kecap dina kasenian Bénjang

3.6 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu bakal dilakonan ku panalungtik salila ngagarap ieu panalungtikan.

Bagan 2.8:**Prosedur Panalungtikan**

Tina bagan di luhur, bisa ditiénan kumaha prakprakan panalungtikan. Sacara garis badagna, panalungtikan ieu ngawengku 3 bagian, nya éta (1) perencanaan, (2) prosés, jeung (3) hasil. Sangkan leuwih jéntré baris dipedar léngkah-léngkah nu bakal dilakonan ku panalungtik salila panalungtikan.

Léngkah 1: Tatahar

Léngkah kahiji anu bakal dilakonan ku panalungtik nya éta tatahar. Diantarana studi literatur pikeun néangan sumber data, nyieun pedoman

wawancara, nangtukeun sumber data, jeung nyiapkeun berkas-berkas katut alat dokuméntasi sarta nyiapkeun hal-hal anu bakal diperlukeun salila panalungtikan.

Léngkah 2: Ngumpulkeun Data ka Lapangan

Satutas tahap tatahar, léngkah satuluyna nya éta ngumpulkeun data ka lapangan. Anapon léngkah-léngkahna diantarana turun ka lapangan ngayakeun pengamatan/observasi ka lokasi panalungtikan dumasar sumber data anu geus meunang pikeun nguji bener henteuna éta sumber data, nangtukeun sumber data informan nu baris jadi sumber data pikeun diwawancara, satuluyna ngayakeun wawancara ka narasumber.

Léngkah 3: Ngolah Data

Satutas data ngumpul, diolah dumasar kana téhnik ngolah data. Léngkah-léngkahna nya éta mariksa data anu geus ngumpul, ngadéskripsikeun kandaga kecap anu kapanggih dina kasenian Bénjang sarta muka kamus, nyusun papasingan kandaga kecap dasar, tabulasi sarta maluruh warna jeung wangun kecap anu kapanggih dina kasenian Bénjang, nyusun présentase jenis kandaga kecap dasar basa sunda, nyieun papasingan kandaga kecap disawang tina waditra, pakakas, pakéan, téhnik/gerak, ibingan, ngaran gelar dina kasenian Bénjang, jeung istilah anu aya patalina kana kasenian Bénjang.

Léngkah 4: Implikasi kana Bahan Pangajaran di SMP

Léngkah anu ka opat nya éta ngaimplikasikeun kandaga kecap dina kasenian Bénjang anu geus diolah pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

Léngkah 5: Nyieun Kacindekan

Nyieun kacindekan dumasar kana hasil analisis data salila panalungtikan.

Léngkah 6: Nyusun Laporan

Léngkah nyusun laporan mangrupa kagiatan pamungkas dina ieu panalungtikan, pikeun ngébréhkeun hasil tina panalungtikan anu disusun sacara sistematis dipidangkeun dina wangun skripsi.

3.7 Wangenan Operasional

- 1) kecap, nya éta wangun basa bébas pangleutikna anu ngandung harti; wangun basa pangleutikna anu bisa madeg mandiri dina kalimah sarta ngandung harti nu tangtu,
- 2) kandaga kecap/kabeungharan kecap, nya éta sajumlahing kecap anu aya dina hiji basa; kecap-kecap anu geus dipikanyaho jeung dipaké ku hiji jalma atawa kelompok jalma di hiji wewengkon; daftar sapuratina kecap atawa ungkara anu disasar dumasar kana susunan aksara latén (alfabétis) tina hiji basa, biasana dilengkepan ku wangenan jeung katerangan,
- 3) kasenian Bénjang nya éta jenis kasenian tradisional di Tatar Sunda, salasahiji kasenian has anu aya di wewengkon Ujungberung, mangrupa hiji seni bela

diri anu tumuwuh sarta mekar di Jawa Barat. Seni Bénjang diwangun ku tilu pintonan, diantarana Bénjang arak-arakan, Topeng Bénjang, sarta Bénjang Gelut,

- 4) maca, nya éta salasihiji aspék kaparigelan basa salian ti ngaregepkeun, nyarita, jeung nulis. Maca mangrupa hiji prosés, boga tujuan, reseptif aktif, sarta merlukeun téknik nu tangtu,
- 5) bahan pangajaran, nya éta eusi anu ditepikeun ku guru ka murid dina lumangsungna prosés diajar, atawa salasihiji komponén tina sistem pangajaran anu salawasna gawé babarengan tur silih lengkepan jeung komponén lianna saperti tujuan, guru, murid, sarana, evaluasi sarta métode pangajaran.
- 6) jadi, anu dimaksud kandaga kecap dina kasenian Bénjang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP nya éta sajumlahing kecap anu aya dina kasenian Bénjang anu bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca di sakola satingkat SMP.